

## Mesaj piblik sou lasante OPS/OMS gen pou Ayiti

### Dlo potab

- Menmsi dlo a parèt klè, li ka gen mikwòb ladan l. Nan sitiyasyon dijans ki genyen ann Ayiti aktyèlman an, pito nou met nan tèt nou dlo ki genyen nan zòn ki afekte yo se dlo ki kontamine.
- Ajoute tigout klò nan dlo a, oswa bouyi l anvan w bwè l oswa anvan ou sèvi ak li pou prepare manje.
- Kontinye bwè dlo nan yon potawo pwòp ki kouvri oswa nan yon bokit oswa lòt veso ki kouvri, ki pwòp e ki gen yon ti ouvèti ak yon kouvèti. Ou dwe sèvi ak dlo a sou 24 è apatide lè w pran n nan.
- Panche veso a pou w sa vide dlo a -- piga foure yon gode andedan veso a.
- Si w oblije foure yon gode nan veso ki gen dlo a, itilize yon grenn gode oswa yon lòt respidan ki gen manch e ki tache ak veso a.

### Toujou kenbe yon bòn ijyèn

- Lave men w avèk savon, sann oswa sitwon vèt:
  - anvan w kwit manje, anvan w manje epi anvan w bay timoun yo manje;
  - apre w fin sèvi ak latrin nan oswa apre w fin netwaye timoun yo lè yo sot nan latrin;
  - lave toupatou nan men w yo – devan, dèyè, nan fant dwèt ou yo ak anba zong ou.
- Sipoze gen yon minimòm 250 g savon ki disponib pou chak moun, chak mwa.
- Itilize latrin pou w al pou pou.
- Kenbe latrin yo pwòp.
- Toujou pratike fason yo rekòmande w pou respire a.

### Kote w pran dlo

- Piga pou pou oswa pipi kote w jwenn dlo potab oswa toupre kote w jwenn dlo potab la.
- Piga benyen oswa fè twalèt ou, lave rad ou, oswa lave chodyè ak veso kote w pran dlo potab la oswa nan anplasan yo deziyen pou moun jwenn dlo potab la (sètadi, nan sous dlo, nan rivyè oswa nan rezèvwa dlo).
- Nan sikonstans nòmal, gen plis chans pou yo jwenn zòn dèlta kote ki gen dlo yo sou nivo sifas tè a, se pou w sipoze ke dlo sa a kontamine. Plis sou anndan, se pou yo kouvri pi dlo ki louvri yo lè moun pa itilize yo, defason pou evite kontaminasyon.
- Ou dwe kwoke bokit ou itilize pou ranmase dlo, lè w pap sèvi ak yo – piga kite yo sou yon sifas ki sal.
- Se pou toujou kenbe zòn ki ozalantou yon pi dlo oswa yon ponp amen, pwòp.
- Piga kite dlo sal ak dlo dòmi akimile toutotou kote w pran dlo.

Evite kite moustik mòde w.

- Kouche anba yon moustikè ki trete avèk ensektisid. Asire w ke w flite ensektisid nan kay ou oswa nan tant/abri w pandan sezon transmisyon an.
- Mete abiman pwoteksyon sou ou lè se sezon moustik ak lòt ensèk ki mòde.
- Rete andedan kay lè moustik ki mòde yo e ki rete deyò yo pi aktif.
- Itilize ensektisid ak plagatòks si w genyen.
- Retire, detwi oswa vide tout ti respinyan ki kolekte dlo lapli ki pre kay la oswa ki pre tant/abri.

Manje ki sen

Si w suiv rekòmandasyon suivan yo (leplis ke posibil), ou ka diminye risk pou transmèt maladi lè wap kwit manje:

- Nou ankouraje w pou bay tibebe ak timoun piti tete.
- Anvan w bwè dlo a oswa anvan w itilize l pou fè manje, toujou mete nan tèt ou li ka kontamine e sèl jan pou w fè l potab se pou w bouyi l oswa trete l avèk klò.
- Manje ki sen enpòtan sitou pou timoun piti, fanm ansent ak granmoun aje; paske se moun sa yo ki pi siseptib pou yo trape maladi ki pwopaje nan manje.
- Toujou respekte lapwòprete: lave men w epi dezenfekte ekipman ou itilize pou fè manje, epi kenbe tout moun ki gen sentòm maladi lwen zòn kote wap prepare manje yo.
- Toujou mete manje kri ak manje ki kwit apa, epi piga ou jamn itilize menm ekipman an pou manje ki kri ak pou manje ki pare pou manje, amwenske ou dezenfekte ekipman sa a anvan.
- Kwit manje a byen kwit jiskaske li cho anpil, epi manje manje ki kwit imedyatman.
- Itilize dlo potab pou kwit legim, epi kale fwi ou manje tou fre yo; jete manje ki nan bwat ki andomaje (ki pran kontak ak dlo inondasyon), jete manje ki gate oswa manje ki fè mous.
- “KWIT LI – KALE L – OSWA KITE L”.
- Piga kite bèt ki malad oswa bèt ki mouri vin rantre nan chenn alimantè (pwosesis alimantasyon) an.

Chèche jwenn tretman bonè

- Lè yo dyagnostike epi trete lafyèv, sou 24 èdtan de lè sentòm yo prezante, sa ka sove lavi yon moun.
- Dyagnostik ak tretman dyare ki dwe fèt bonè, sou 24 èdtan de lè dyare a kòmanse.
- Nan ka kote moun gen dyare, yo dwe bwè yon solisyon reyidratasyon oral ki prepare avèk dlo potab (dlo bouyi oswa ki gen klò ladan l) epitou se pou moun sa yo suiv tretman nan yon sant sante.

Sous enfòmasyon an:

Gwoup Travay sou Maladi Kontajye nan Ka Dijans (OMS/Syèj Sosyal) [Communicable Disease Working Group on Emergencies (WHO/HQ)]

Siveyans ak Repons pou Maladi Kontajye (AMRO/OPS) [Communicable Disease Surveillance and Response (AMRO/PAHO)]; Biwo OMS, Ayiti

Entèvansyon ak evalyasyon risk sante piblik (Public Health risk assessment and interventions):

Tranblemanntè, Ayiti 12 (Earthquake, Haiti 12)